

Nama: _____

Kelas: _____

Gladhen Nyusun Paragraf Acak

Teks Deskripsi: Buka Luwur Kutha Kudus

Para siswa dipunsuwun nyusun paragraf acak ing ngandhap menika adhedhasar peranganipun teks deskripsi bahasa Jawa:

1. Identifikasi
2. Klasifikasi
3. Deskripsi Bagean

Wangsulun dipunserat kanthi tuladha: C-A-B lan dipunparingi tandha saben paragraf kalebet kategori menapa.

A

Buka luwur kalebet tradhisi campuran antawisipun agama, sosial lan budaya. Tradhisi menika ugi kalebet warisan budaya ingkang dipunringkes mawi pangajian umum, tahlil, kirab budaya lan Pasar jadul. Ing pangertosan spiritual, prosesi menika dipuntegesi pakurmatan dhumateng jasa Sunan Kudus inggih menika Syekh Ja'far Shodiq minangka dados salah satunggalipun bagean Walisongo ingkang nyebaraken agama Islam. Dipunsebat Sunan Kudus amargi Syekh Ja'far Shodiq milih Kutha Kudus dados papan kangge dakwah ngantos taun-taunan.

B

Buka luwur inggih menika tradisi taunan ing Kutha Kudus ingkang nggadhahi maksud nggantos kain panutup makam Sunan Kudus ingkang dipunsebat luwur. Dados luwur ingkang sampun lawas menika dipungantos ngangge luwur ingkang enggal. Buka luwur dipunlaksanakaken saben tanggal 10 Muharram (10 Sura) minangka haulipun Sunan Kudus. Prosesi kasebut kawiwitan tanggal 1 Muharram kanthi Jamasan pusaka, dene punncakipun menika ing tanggal 10 masang luwur enggal. Acara menika dipunlaksanakaken ing kompleks Kauman Masjid Menara lan Makam Sunan Kudus. Para warga saking saperangan tlatah sami rawuh kangge ndherekaken lan ngrumat tradhisi menika kanthi rasa tepa slira lan bhekti.

C

Seminggu saderengipun puncak adicara, dipunlaksanakaken festival Pasar jadul ingkang nyawiji kaliyan tradhisi lokal lan budaya kuliner khas Kudus. Prosesi buka luwur kawiwitan tabuh enjing nalika masyarakat lan para pangurus nglaksanakaken jamasan pusaka kanthi manah ingkang suci. Prosesi salajengipun menika luwur lawas saking cungkup makam Sunan Kudus dipunpendhet kanthi tata krama khusus. Sasampunipun dipunpendhet, dipunlajengaken prosesi ndamel luwur enggal kangge Makam Sunan Kudus ingkang dipunrampungaken salebetipun sekawan dinten, lan dipunlaksanani ing Tajug Menara. Dene wonten 33 parewang ingkang nyambut damel kanthi telaten lan waskita. Ing wekdal wengi, masyarakat nyawiji ndherek pengaosan umum saha khatmil Qur'an bil ghaib kagem ngluhuraken ajining budaya spiritual. Lajeng enjingipun wiwit subuh menika kain luwur lawas dipunbagikaken dhumateng masyarakat, minangka pratandha berkah lan kabegjan. Lajeng sasampunipun adicara menika wonten bagi-bagi sega jangkrik ingkang dipunwastani minangka tuwuhan berkah lan panyambung tali asih. Sega jangkrik ingkang dipunbagiaken menika ngantos puluhan ewon bungkusan saben taunipun.

Wangsulan: